



**KEMENTERIAN AGAMA REPUBLIK INDONESIA
KELOMPOK KERJA GURU MADRASAH IBTIDAIYAH
KABUPATEN GUNUNGKIDUL
PENILAIAN AKHIR TAHUN (PAT)
TAHUN PELAJARAN 2023/2024**

Kelas : IV (Empat)
Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Hari/ Tanggal :
Waktu :

Wenehana tandha ping (X) ing aksara a, b ,c utawa d kang dianggep bener !

Geguritan kanggo no 1-2 !

Gatekna geguritan iki !

CORONA

Tekamu tan kinira

Nora katon ing netra

Anjalari lelara

Nuwuhaké bêbaya saindenge ndonya

Polahmu agawe cilaka

Agawé bingung nayakaning praja

Nyebabaké doktêr...suster uga warga koncatan nyawa

Ninggalake rasa sungkawa

Lan panalangsa

Kiprahmu aja dibacut-bacutake

Énggala sumingkir saka kene

Anggonmu mothah krana Gusti kang ndhawuhake

Sakabèhing titah ora bisa nyaruwe

1. Geguritan ing dhuwur nyritakake....

a. lelara kang kasebut Corona

b. lelara ora duwe duwit

c. lelara sing ora mbebayani

d. lelara sing kepenak

2. Ukara **tekamu tan kinira** tegese

- a. teka karo aruh – aruh
- b. teka tanpa di kira-kira
- c. tekane amarga di undang
- d. teka lan lunga

3. Gatekna geguritan iki !

Ngger,

Biyung nyuwun ngapura

Ora bisa dadi biyung kang sampurna

Ora bisa nglegakne atimu

Ngger,

Uripku kebak kaluputan

Ngiwa luput, nengen luput

Rumangsaku aku wis manut

Bangun turut karo sing jare winasis

Irah-irahan kang trep kanggo geguritan iku yaiku....

- a. Corona
- b. Ibu
- c. Banjir
- d. Lelara

4. Wong maca geguritan kudu dirasakake sajroning ati, miturut isi geguritane. Maca geguritan

kanthi cara mengkono iku ateges nggatekake babagan....

- a. wicara
- b. wirama
- c. wiraga
- d. wirasa

Tembang kanggo no 5 – 6 !

Gatekna tembang iki !

Sekar gambuh ping catur

Kang cinatur polah kang kalantur

Tanpa tutur katula tula katali

Kadaluarsa katutuh

Kapatuh pandadi awon

5. Gambuh ing tembang iku kalebu tembang....

- a. dolanan
- b. gedhe
- c. tengahan
- d. macapat

6. Ukara **tanpa tutur katula tula katali**

Ukara Tembang Gambuh kasebut ana ing gatra kaping....

- a. 1
- b. 2
- c. 3
- d. 4

7. Sekar gambuh ping catur, kang cinatur polah kang kalantur.

Tembung *cinatur* tegese....

- a. diaturke
- b. catur
- c. dirembug

- d. ditatur
8. Tembang Gambuh iku duweni sipat...
- a. Wong kang sugih omong lan kakean polah.
 - b. Sumanak, sumadulur, cocog kanggo menehi pituduh.
 - c. Menehi pitutur supaya urip susah.
 - d. Padha gulangen ing kalbu, ing sasmita amrih lantip.

9.



Gambar wayang iki arane....

- a. Arjuna
 - b. Pandhawa
 - c. Puntadewa
 - d. Werkudara
10. Godo Rujak Pala, kagungane Satriya Jodhipati kang asmane....
- a. Werkudara
 - b. Yudhistira
 - c. Kresna
 - d. Janaka
11. Arane satriya Pandhawa kang kembar yaiku....
- a. Puntadewa, Bima
 - b. Bima, Arjuna
 - c. Nakula, Sadewa
 - d. Bima, Gathotkaca

12. Gambar wayang kang aran Werkudara yaiku....

a.



b.



c.



d.



13. Dina Pasaran sak durunge Wage yaiku....

a. Pon

b. Kliwon

c. Paing

d. Legi

14. Panganan saka tela kang diolah kanthi digoreng diarani....

- a. lemet
- b. cemplon
- c. cenil
- d. gethuk

15. Panganan tradisional khas Gunungkidul arane....

- a. gudheg
- b. thiwul
- c. tela tela
- d. cemplon

16. Ibu lagi gawe panganan kang digawe saka gori diarani....

- a. gethuk
- b. gudheg
- c. thiwul
- d. lemet

17.



Panganan ing gambar diarani

- a. gathot
- b. thiwul
- c. cenil
- d. sawut

18. Putranipun Pak Budiman wonten gangsal.

Tembung *gangsal* basa ngokone yaiku....

- a. enem
- b. telu
- c. papat
- d. lima

19. Bapak nembedhateng sawah.

Basa krama kang trep kanggo jangkepi ukara ing dhuwur yaiku....

- a. lunga
- b. karo
- c. rawuh
- d. tindak

20. Bima : Siwi iki bukumu ...(silih) ya.

Siwi : Ya Bim, aja lali sesuk dibalekke.

Ater-ater tripurusa kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- a. dak
- b. kok
- c. di
- d. do

21. Simbah ngunjuk kopi.

Wasesane ukara ing dhuwur yaiku....

- a. simbah
- b. kopi
- c. dhahar
- d. ngunjuk

22. Bu Rina – peken - nembe – tindak

Susunan tembung sing bener yaiku...

- a. Bu Rina nembe peken tindak.
- b. Bu Rina tindak peken nembe .
- c. Bu Rina nembe tindak peken.
- d. Tindak peken Bu Rina.

23. wayang kang duweni julukan “otot kawat balong wesi” yaiku....

- a. Gatotkaca
- b. Werkudara
- c. Yudhistira
- d. Petruk

24. 38. pandawa lima kang kembar yaiku nakula lan....

- a. sadewa
- b. bima
- c. yudhistira
- d. semar

25. 39. dhaharan khas kulonprogo yaiku....

- a. growol
- b. thiwul
- c. gudeg
- d. gaplek